

# Rezime Egzekitif

Organizasyon Planifikasyon Metropoliten (Metropolitan Planning Organization, MPO) Rejyon Boston nan, te kreye Plan Angajman Piblik sa (Plan an) pou bay enstriksyon pou reyalize angajman ki efikas nan pwosesis planifikasyon transpò rejyonal la. Plan an oryante Pwogram Angajman Piblik (Public Engagement Program, PEP) MPO yo, ki konpoze ak tout aktivite sansibilizasyon, rankont piblik, ak komunikasyon, pou asire ke tout manm piblik la—ki enkli moun sistèm transpò a mal desèvi yo epi/oswa ki manke aksè nan pwosesis pou pran desizyon an—gen opòtinite pou fè pati pwosesis planifikasyon metropoliten an. PEP a oryante efò MPO yo pou ofri opòtinite kontini epi enpòtan pou manm piblik la enfliyanse jan MPO a pran desizyon planifikasyon transpò nan rejyon Boston nan. Plan an endike pwosedi ki oryante PEP a.

Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration) ak Administrasyon Transpò Piblik Federal la (Federal Transit Administration) revize Plan an. Manm piblik la gen yon opòtinite pou fè kòmantè ak sijesyon anvan konsèy MPO a apwouye Plan an pandan tout devlopman ak peryòd kòmantè piblik la. Plan an enkli detay

- konpozisyon MPO Rejyon Boston lan;
- vizyon pou angajman piblik, enstriksyon ak prensip MPO yo;
- opòtinite pou ou enfòme epi enplike nan aktivite MPO yo;
- enstriksyon pou rankont MPO, Komite MPO, ak rankont MPO a patwone yo;
- avi ak pwosedi; ak
- enstriksyon fizik, vityèl, ak enstriksyon pou aksè nan transpò.

MPO Rejyon Boston nan ankouraje kòmantè piblik la. Dokiman sa disponib sou sitwèb MPO Rejyon Boston nan, anplis Liv PEP ki akonpaye a. Pou tout kesyon oswa kòmantè, tanpri kontakte Kowòdonatè Angajman Piblik la, nan [publicinfo@ctps.org](mailto:publicinfo@ctps.org) oswa 857.702.3658.